



Vaksen pou Grip

Poukisa yon moun bezwen pran yon vaksen pou grip chak ane?

Chak an yo kreye yon nouvo vaksen pou grip pou pwoteje kont 3-4 pi gwo souch oswa kalite grip yo atann yo ki ta dwe sikile pou sezon sa. Genyen plizyè souch grip ki egziste epi viris grip yo ap chanje detanzantan. Kòm souch yo chanje chak ane, yon moun bezwen pou l pran vaksen pou grip chak ane pou l ka pwoteje nèt kont souch grip ke yo atann yo k ap ale toupatou pou ane sa a an patikilye.

Kimoun ki ta dwe pran vaksen pou grip?

Nenpòt moun ki gen 6 mwa daj oswa pi plis ta dwe pran yon vaksen pou grip. Li espesyalman enpòtan pou moun ki gen gwo risk pou gen konplikasyon sevè lè yo gen grip al pran vaksen. Moun sa yo gen ladan yo:

- Timoun piti
- Fanm ansent
- Moun ki gen 65 an oswa plis
- Moun ki gen gwo kondisyon sante tankou opresyon, dyabèt, maladi nan kè ak poumon

Èske mwen bezwen pran yon vaksen pou grip ane sa a si m te malad avèk grip ane pase?

Anjeneral, apre w fin refè de yon grip ou pwoteje sèlman kont yon sèl souch grip. Toutfwa, kòm gen anpil lòt souch, li posib pou w pran grip ankò. Yon vaksen pou grip se sèl fason pou pwoteje kont tout 3-4 souch yo atann ki ka sikile nan kominote a.

Èske yon moun ap genyen pi bon defans si yo pran grip la olye de vaksen an?

Yon moun ap devlope defans kont grip apre li pran yon vaksen oswa nan kèk ka apre yo fin geri de grip la. Li enpòtan pou sonje grip kapab koze maladi ki grav anpil lakay kèk moun. Risk lè w pran vaksen an pi piti anpil ke risk pou vin malad avèk grip la.

Èske yon moun ka pran grip nan vaksen pou grip la?

Non, vaksen pou grip la pa ka ba w grip. Vaksen an pran de semèn pou l bay pwoteksyon konplè kont grip, kidonk li enpòtan anpil pou itilize lòt metòd prevansyon tankou lave men w epi rete lwen moun ki malad pandan peryòd sa a. Anpil moun konfonn grip avèk sentòm rim kòm toulède sezon ni grip ni rim vini menm lè. Pi bon fason pou pwoteje tèt ou kont maladi se pran vaksen ak pratike metòd prevansyon yo

Ki risk ki genyen nan vaksen pou grip la?

Pifò moun pa gen pwoblèm avèk vaksen an. Sepandan, kapab gen efè segondè, men se raman moun gen reyaksyon ki sevè.. Sa ki annaprè yo se efè segondè posib ki ka rive, ki soti nan modere a grav anpil.

Efè segondè lejè yo (anjeneral kòmanse apre w fin pran vaksen an epi li dire 1-2 jou):

- Yon doule nan bra, enflamasyon, ak/oswa woujisman kote yo te bay piki a
- Doule, zye wouj k ap grate, tous, oswa vwa anwe
- Lafyè, kò fèmal, maltèt, fatig, gratèl

Efè segondè modere yo:

- Lè w pran yon vaksen pou grip ak yon vaksen nemoni menm lè li ka mete timoun piti yo nan risk pou kriz malkadi ki koze pa lafyè. Mande doktè w plis enfòmasyon epi di doktè a si pitit ou a te janm gen kriz malkadi anvan w kite pitit ou pranvaksen.

Reyaksyon grav:

Reyaksyon alèjik a vaksen yo ki ka menase lavi ra anpil. Si yo ta rive, se nòmalman apre kèk minit a kèk èdtan apre w fin pran vaksen an. Pou diminye risk la, di doktè w si w gen nenpòt ki alèji grav, enkli alèji avèk ze, oswa si w te deja genyen yon reyaksyon alèjik grav avèk vaksen yo.

Kisa mwen ta dwe fè nan ra ka kote mwen ta gen yon reyaksyon grav?

Rele yon doktè epi chèche tretman medikal imedyatman si w gen yon reyaksyon grav kèk èdtan apre w fin pran vaksen pou grip la. Sentòm reyaksyon grav gen ladann gwo lafyè, chanjman nan konpòtman, difikilte pou respire, mak parèt soupo w, epi w santi w fèb oswa toudi. Di doktè w kisa ki te pase, lè w te pran vaksen an, epi mande l plis esplikasyon.

